

## KÈK BAGAY KI KA SANBLE DISKRIMINASYON

- Yo bay fanmi ki gen timoun yo posiblite pou sèlman kèk bilding oswa premye nivo a.
- Se sèlman yon moun ki ka rete nan yon chanm a kouche.
- Founisè lojman an refize vann, lwe oswa montre lojman ki disponib yo apre li fin aprann ou gen pitit.
- Kondisyon ki nan yon kontra lwaye oswa akò yo diferan pou fanmi yo, tankou kondisyon kontra lwaye ki limite yon fason strik aktivite timoun sou pwopriyete a oswa yo fè peye yon depo sekirite ki pi wo.
- Deklarasyon yo te fè pou di lojman an pa ta apwopriye pou fanmi w, pitit ou yo pap an sekirite, oswa vwazen yo pa vle w la a.
- Disponibilite a lojman an chanje ant moman yon kontak ou te fè nan telefòn ak yon vizit ou fè an pèsòn.
- Piblisite ki fè konnen yo gen preferans pou selibatè oswa koup.

## **Aksè ak lojman san patipri se dwa w!**

SouthCoast Fair Housing, Inc. (SCFH) travay pou elimine diskriminasyon nan domèn lojman epi ede devlope kominote ki aksesib ak tout moun nan tout Rhode Island ak nan sidès Massachusetts. SCFH bay edikasyon nan kesyon lojman pou tout moun, fè sansibilizasyon, defans, ak aktivite ranfòsman pou n asire tout moun gen menm opòtinite nan kesyon lojman.

Pou plis enfòmasyon, pou pran randevou pou yon fòmasyon lojman pou tout moun, oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, rele (774) 473-9994 oswa (401) 285-2550, vizite [southcoastfairhousing.org](http://southcoastfairhousing.org) oswa voye yon imèl nan [info@southcoastfairhousing.org](mailto:info@southcoastfairhousing.org).



Pou plis enfòmasyon oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, kontakte:

### **Lojman san patipri nan SouthCoast**

257 Union Street  
New Bedford, MA 02740  
(774) 473-9994

1005 Main Street, Suite 1210  
Pawtucket, RI 02860  
(401) 285-2550

### **SouthCoastFairHousing.org**

Pou w kontakte nou pa mwayen TTY, lè w sèvi avèk TTY w la rele 711, rele MassRelay nan 800-439-2370 (oswa 1-866-930-9252 pou espanyòl), oswa rele Rhode Island Relay nan 1-800-745-5555 (oswa 1-866-355-9214 pou espanyòl) epi bay nimewo telefòn nou an.

Travay ki te baz pou piblikasyon sa a te jwenn yon sibvansyon Etazini.

Depatman lojman ak devlopman kominotè. Kontni ak rezilta travay la se pou piblik la. Sèl responsablite moun ki ekri l la ak moun ki pibliye l la se se veye presizyon nan deklarasyon yo ak entèpretasyon ki nan piblikasyon sa a. Entèpretasyon sa yo pa nesèsman reflète opinyon gouvènman federal la.



## **LOJMAN SAN PATIPRI POU FANMI KI GEN TIMOUN**

# KESYON MOUN POZE SOUVAN AK REPONS

Lwa federal sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan tranzaksyon ki gen rapò ak lojman akoz ras, koulè, relijyon, peyi kote w soti, sèks, andikap oswa sitiyaasyon famiyal (si gen timoun minè oswa fi ansent).

Lwa nan Massachusetts ak Rhode Island sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan kesyon lojman sou baz lòt klas ki pwoteje sa yo:

laj • estati veteran oswa militè • oryantasyon seksyèl • idantite seksyèl • eta sivil • resevwa èd leta\* (pa egzanzp, kupon pou manje) • itilizasyon sibvansyon lojman\* (pa egzanzp, Seksyon 8) • jenetik\* • estati kòm moun ki viktim vyolans domestik }:

\* Massachusetts sèlman • \$ Rhode Island sèlman

Lwa lojman san patipri yo aplike nan yon pakèt tranzaksyon lojman, sa ki gen ladan lokasyon, vant, prè pou kesyon imobilye, evalyasyon ak asirans pwopriyete. Pwopriyete, ajan imobilye, moun ki bay prè yo, konpayi asirans, ak blòk apatman yo (kondominyòm), koperativ ak asosiyasyon pwopriyete kay yo pa dwe fè diskriminasyon paske yon moun fè pati yon klas ki pwoteje.



## Kisa ekspresyon "sitiyaasyon famiyal" la vle di?

"Sitiyaasyon famiyal" vle di gen timoun ki poko gen 18 an nan fanmi an. Sa gen ladan fanm ansent ak moun ki nan pwosesis pou yo adopte timoun oswa pou yo vin responsab legal yon timoun / plizyè timoun. Timoun yo gen ladan l timoun yo adopte ak pitit pitit toutotan moun nan se responsab legal oswa li gen pèmision alekri.

## Ki aksyon lalwa entèdi?

Lwa a entèdi aksyon tankou refize yon moun lojman, limite aksè ak lojman, dekouraje moun k ap chèche kay, oswa kreye règ ki diferan, mete frè oswa kritè akòz fanmi an gen oswa ap tann yon timoun / plizyè timoun.

## Èske sa vle di yon mèt kay dwe lwe oswa pa ka degèpi nenpòt fanmi ki gen timoun?

Non. Yon founisè lojman gen dwa pou l refize aplikasyon pou lokasyon oswa degèpi lokatè yo sou baz bonjan rezon, tankou pase moun nan domèn kredi oswa li gen repitasyon move lokatè. Yon founisè lojman ta dwe etabli kritè kalifikasyon yo epi aplike yo menm jan an pou chak fanmi, kit yo timoun kit yo pa genyen.

## Èske yon mèt kay ka fè règ sou fason timoun yo ta dwe konpòte yo?

Règ ki rezonab yo apwopriye. Men kèk direktiv jeneral:

- Règ yo ta dwe aplike pou tout lokatè yo, pa sèlman pou timoun yo.
- Règ yo ta dwe abòde konpòtman, pa estati yon moun, epi yo pa dwe tèlman mete restriksyon sa fè fanmi ki gen timoun pa jwenn menm posiblite pou yo itilize e pwofite lojman an.

## Èske yon mèt kay deside ki apatman ki pi bon pou fanmi ki gen timoun yo?

Non. Pwopriyete yo dwe bay moun k ap aplike yo bonjan enfòmasyon sou ki apatman ki disponib epi pèmèt moun k ap aplike yo detèmine ki apatman ki apwopriye pou fanmi yo.

## Èske yon pwopriyete ka mete limit nan kantite moun ki dwe gen rete nan kay la?

Yon founisè lojman gen dwa pou l etabli kritè rezonab anrapò ak kantite moun ki dwe rete nan kay la. Kèk restriksyon sou kantite moun ki ka rete nan kay la lakòz diskriminasyon kont fanmi ki gen timoun. Kòm yon gid jeneral, nenpòt limit sa yo pa ta dwe pi strik pase mande pou gen de moun pa chak chanm a kouche, epi yo ta dwe konsidere gwosè a ak fason chanm yo fèt ak kantite espas moun ka abite ki gen nan kay la. Yon maksimòm de moun pa chak chanm a kouche ka pa rezonab tou depan de tout sikonstans yo lè yo konsidere yo ansanm. Yo konsidere règ ki pèmèt mwens pase de moun pou chak chanm a kouche kòm règ ki ka pa rezonab.

## Èske gen kèk kalite lojman ki ka entèdi fanmi ki gen timoun?

Kominote ki kalifye pou eksepsyon "Lojman pou granmoun yo" dapre Lwa sou lojman san patipri yo gen dwa pa aksepte fanmi ki gen timoun ki poko gen 18 an. Kominote sa yo dwe satisfè tout kondisyon pou eksepsyon yo: Nan lojman pou moun ki gen 62 an oswa plis, chak rezidan dwe gen 62 an oswa plis; ak nan lojman pou moun ki gen laj 55 oswa plis, 80 pousan nan apatman yo dwe gen omwen yon moun ki gen laj 55 an oswa plis, e kominote a dwe ranpli lòt kondisyon, sa ki gen ladan ranpli sondaj yo.

Nan kèk sikonstans, Lwa sou lojman san patipri fè eksepsyon pwopriyete ki rete nan bilding ki pa gen plis pase kat apatman.

## SA ILEGAL POU YO REFIZE LWE YON MOUN KAY PASKE LI GEN TIMOUN NAN FANMI AN

Si yon founisè lojman refize lwe oswa vann yon apatman, mande yon depo sekirite ki pi wo, fè peye frè anplis, mete limit nan itilizasyon enstalasyon yo, oswa mete limit pou fanmi yo nan kèk etaj oswa yon bilding, sa sanble diskriminasyon. **Diskriminasyon nan kesyon lojman kontrè ak lalwa. Sèl fason pou diskriminasyon sispann se rapòte l.**